ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№47 (22.955) • 2015 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 18, бэрэжьей • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІУЭКІУЭ Юрий: «Іэнатіэ нэхъыщхьэхэм я зэфІэкІым хэдгъэхъуэн папщІэ дэ нэгъэсауэ къэдгъэсэбэпын хуейщ нэгъуэщІ къэралхэм къыщащэху продукцэр гъэмэщІэным хуэунэтІауэ иджыпсту зэтеува щытыкІэр»

КІУЭКІУЭ Юрий къызэрилъытэмкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэр зэрехуэхыр 2014 гъэм къызэтрагъэуВІэфащ икІи етІуанэ кварталым щегъэжьауэ Іэнатіэ нэхъыщхьэ псоми зэпІэзэрыту зауЖу хуежьащ. Абы къыщыдмынэу нэрылъагъуу ирагъэфІэкІуащ икІи ягъэбыдащ егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным, спортым, республикэм и псэукІэм и дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ адрей Іэнатіэхэм я мылъку-техникэ лъабжьэр. 2015 гъэм гугъуехь куэд пыщІауэ щытынущ. Ауэ ятІани КъБР-м и властым къыпэщыт къалэн нэхъыщхьэщ зыужьыныгъэр къызэтемыгъэувыІэнэр икІи а лэжьыгъэм хиубыдэу промышленностымрэ мэкъумэш хозяйствэмрэ я продукцэу нэгъуэщІ къэралхэм кърашхэм я пІэ иувэн нухэр къэлэжьыныкІэ программэхэм хэтныр.

Продукцэм хэгъэхъуэныкІэ хэкІыпІэхэр

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленностым и зэфІэкІыр цыкІуэкым. УФ-м Промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэм, Кавказ Ищхъэрэм зегъэужьыныкІэ министерствэм, «Урысей технологиехэр» корпорацэм дращІыгъуу дэ нэгъуэщІ къэралхэм кърашхэм продукцэм и пІэ иувэн хьэпшпхэр къыщІэзыгъэкІыфыну предприятэу республикэм щыІэхэм адэжІи дадэІэпыкъун хуейщ мыльку, техникэ лъэныкъуэхэмкІэ, зыхуеину лэжьакІэхэмкІэ. Абыхэм ящыщщ «Тэрчалмазыр», «Телемеханикэр», «Севкаврентген-Д»-р, волыт лъагэхэм ирилажьэ аппаратурэ къыщІэзыгъэкІ заводыр, «Кавказкабелыр», Налшык и машинэ заводыр, нэгъуэщІхэри. Гупытэ хэжа хуэтщынущ Тырныауз и вольфрам-молибден къыщІэхьпІэр къэзыгъэсэбэпыну къурш металлургическэ комплексым и инновацэ проектыр пхыгъэкІыным, Май районым и щыналъэм промышленнэ экономикэ щыналъэ хэха къыщыщэгъэпэщыным.

Ди щхьэм щхьэкІи, тщэн папщІи

- НэгъуэщІ къэралхэм къыщащэху продукцэм пэувын хьэщхьэныкІэ зэфІэкІ инхэр бгъэдэлъщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш хозяйствэм. Псом япэу ар хуэгъэзащ пхъэщхьэмыщхьэмрэ хадэжкІэхэмрэ гъэкІыным, абыхэм къыхэщыкІа ерыскъыпхъэхэр гъэхьэзырыным. Иджыпсту дэ апхуэдэ продукцэу дрикъунэм хуэдиз къыдохьэлІэ, уеблэмэ, къэралым и нэгъуэщІ щыналъэхэми щыдощэ.

КъБР-м хуэзфІэкІынуц апхуэдэ продукцэу ищэм нэрылъагъуу хигъэхъуэн - абы папщІэ иджыпсту щыІэ Іэмалхэр тэмэму къэгъэсэбэпын хуейуэ аращ. Абыхэм къадэкІуэу адрей гъавэ лІэужьыгъуэхэри, псом япэу нартыхымрэ гуэдз гъавапхъэмрэ, нэхъыбэ тщІын хуейщ. Апхуэдэу лэжьыгъэшхуэ къытІэщыгъ лымрэ гъэшымрэ нэхъыбэ щІыным и лъэныкъуэкІэ. Дэ ди къалэнщ гъэмахуэ хъупІэхэр кьыззэрагъэсэбэпыр едгъэфІэкІуэну, мэкъумэшыщІэ-фермер хозяйствэхэм дадэІэпыкъуну, иджырей технологие лъагэхэр къыщагъэсэбэп гъэш комбинат, комплекс инхэр зэтегъэувэныр къыздгъэпэщыну.

Дызытеувэр тлъагъун хуейщ

- 2015 гъэм Налшык къалэм автовокзалу тІу щыдухуэу къалэм и кум щызекІуэ транспортыр дгъэмэщІэну, экологие щытыкІэр едгъэфІэкІуэну къыттпощІыту. Къалэн нэхъ цыкІукъым гъущІ гъуэгу станцыр къалэ щІыбым хьынри, ари гъуэгухэм транспортыр щызэтремыгъэхьэныкІэ сэбэп хъунущ икІи КъБР-м и къалащхьэм и кум транспортыр щызэтримыхьэныкІэ сэбэп хъунущ. Зэман гъунэгъум кьриубыдэу дэ тхуэзфІэкІынукъым нэгъуэщІ къэралхэм япыщІа аэропорт комплексыщІэ зэтедгъэувэну, абы къыхэкІыу ди къарур хэдунэтІын хуейщ иджыпсту щыІэ аэропортыр къэгъэщІэрэщІэжьыным. Апхуэдэ лэжьыгъэр ирагъэжьакІэщ икІи дызэрыт илъэсми ар тэмэму екІуэкІыну дыщогугъ. ДызыхуэкІуэ илъэсым и пащІэдзэм щегъэжьауэ дэ цыхуэхэр къызэрырашэкІ транспортыр къэгъэщІэрэщІэжьыным икІи автобус мыинхэр автобус курытхэмрэ автобусышхуэхэмкІэ зэхъуэкІыным дегугъун хуейщ, абы папщІэ лизингым и Іэмалхэри къэдгъэсэбэпырэ.

Зэрыгъаджэр, сымаджэхэр зэрагъэхъужыр

- Егъэджэныгъэм и Іэнатіэм и мылькутехникэ лъабжьэр къэгъэщІэрэщІэжьным пащэ. Ахъшэр зэпэубыда пэтми, дэ сабий саду дызыхуейм хуэдиз 2015 гъэм и кІуэным нэсыху кьызэІутхын хуейщ. Апхуэдэу иджыпсту ящхуэ школыщІэхэр хьэзыр ящІын, Іуэхущ Іапіэхэм ящыщу зыхуэфащэхэр капитальнэу зэрагъэпэщыжьын хуейщ. Узыншагъэр хъумэным и Іэнатіэм хуэгъэзауэ нэхъ зэгугъэпхъэжьм ящыщщ пащІэдзэ Іуэхущ Іапіэхэм ядэІэпыкъуныр, ахэр «Къуажэ дохутыр» программэри щІэгъэкъуэн къэщІу зэфІэкІ зыбгъэдэлъ Іэщ Іагъэлпіэмкіэ къызэгъэпэщыныр, профилактикэ лэжьыгъэр, лъэнтхуэ, онкологие узыфэхэр, социальнэ мыхьэнэшхуэ зиІэ адрей узыфэхэр пасэу хьэкІугъэщ зэтегъэувэныр. Хэхауэ дыкІэпхьэпІпьнущ перинатальнэ центрыр зэрауухэм, онкологие центрыр, республикэм и медицинэ Іуэхущ Іапіэу уз щхьэхуэхэр щагъэхъужэр зэращІын, зэрызэрагъэпэщыжьым, къызэрагъэщІэрэщІэжьым.

Проектхэр нэхъыбэху, хэкІыпІэхэри нэхъ инщ

УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм агропромышленнэ комплексым кредитхэр етыным пыщІа Іуэхуэхэр зэблэзыгъэкІ и комиссэм 2014 гъэм и щэкІуэгъуэ мазэм мэкъумэш хозяйствэм и Іэнатіэм ехьэлІауэ аргуэру къыхихащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и инвестицэ проекту 23-рэ. Мыр зыгетхуэар проектхэр ягъэзащІэн папщІэ кьащта кредитхэм проценткІэ щхьэщэтыкІым щыщ Іыхьэр пшынныныкІэ къэралым къызэрагъэпэщ дэІэпыкъуныгъэщ. А дэІэпыкъуныгъэр ахуэгъэзащ илъэс куэдкІэ зэрахьэну къэкІыгъэхэр хэзысэхэм, Іэщ комплексхэр зыужьхэм, зэзыгъэпэщыжьхэм, къэзыгъэщІэрэщІэжьхэм, теплицэ комплексхэр къыззІэуэхьхэм, мэкъумэш техникэр, Іэмэпсымэхэр, Іэщ лъэпкъыфІхэр къэзыщэхуэм икІи а дэІэпыкъуныгъэм и фІыгъэкІэ продукцэм хэхъуэнущ. Проект зэмылІэужьыгъуэхэм ящхьэ иткІэ ятыну кредитхэр сом меларди 3,4-м щІегъу. ЗэкІэ къата бжьыгъэхэм къызэрагъэлъагъуэмкІэ, нэгъабэ Къэбэрдей-Балъкъэрым хадзэжьІну тонн мин 347,5-рэ, пхъэщхьэмыщхьэу, мэракІуэ зэмылІэужьыгъуэу тонн мини 119-рэ, 2013 гъэм елъытауэ нэрылъагъуу нэхъыбэ, кьыщрахьэлІащ. КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министрым и къудзэ Биттиев Льэким къызэрыджиІамкІэ, къэкІыгъэхэр зехьэным и лъэныкъуэкІэ республикэм и Іэнатіэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ пхъэщхьэмыщхьэмрэ хадзэжьІхэмрэ - абыхэмкІэ щІыналъэм ирикъунум хуэдиз иджыпсту кьрехьэлІэ. «Дэ илъэсым кьриубыдэу пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракІуэ тонн мин 80-90, хадзэжьІыу тонн мини 110-120-рэ дыхуейуэ аращ. Гъэ кІуам дызэрылъэжьам къызэрагъэлъэгъуамкІэ, дэ нэгъуэщІ къэралхэм къыщащэху продукцэм и пІэм иувэну Урысейм и щІыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм пхъэщхьэмыщхьэу тонн мин 40, хадзэжьІыу тонн мин 200 хуэдиз едгъэшэфынущ», - жиІащ Биттиевым.

ВЛАСЕНКЭ Кирилл.
ХъыбарегъащІэ. Кавказ Ищхъэрэ, 2015 гъэм гъатхэпэм и 17-м

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Социально-экономикэ зыужьыныгъэм хуэгъэзауэ зыхуэпІъэ мурадхэр зэрагъэзащІэмрэ Урысей Федерацэм и Президентым и указ щхьэхуэхэр зэрагъэзащІэмрэ къэпщытэныкІэ щыІэ советым и деж ведомствэхэм зэдайуэ къыщыщэгъэпэща лэжьакІуэ гупхэм хэтхэр къэщтэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Социально-экономикэ зыужьыныгъэм хуэгъэзауэ зыхуэпІъэ мурадхэр зэрагъэзащІэмрэ Урысей Федерацэм и Президентым и указ щхьэхуэхэр зэрагъэзащІэмрэ къэпщытэныкІэ щыІэ советым и деж ведомствэхэм зэдайуэ къыщыщэгъэпэщ лэжьакІуэ гупхэм хэтхэр къэщтэным и Іуэхукіэ» 2013 гъэм жэпуэгъуэм и 11-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм къыдигъэкІа Указ №149-УГ-м ипкъ иткІэ:

1. Къэщтэн мы унафэм щыІэгъуэху:

а) «Зэман кІыхьым тещІыхьауэ къэралым иригъэкІуэкІ экономикэ политикэм и Іуэхукіэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъэкІа Указ №598-р зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыныныкІэ ведомствэхэм зэдай лэжьакІуэ гупым хэтхэр;

б) «Къэрал социальнэ политикэр гъэзащІэныкІэ зэфІэгъэкІыпхъэхэм я Іуэхукіэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъэкІа Указ №597-р зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыныныкІэ ведомствэхэм зэдай лэжьакІуэ гупым хэтхэр;

в) «Узыншагъэр хъумэныкІэ Іэнатіэм Іуэхущ къэралым политикэр егъэфІэкІуэным и Іуэхукіэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъэкІа Указ №598-р зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыныныкІэ ведомствэхэм зэдай лэжьакІуэ гупым хэтхэр;

г) «Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ я Іэнатіэм хуэгъэза къэралым политикэр пхыгъэкІыныныкІэ зэфІэгъэкІыпхъэхэм я Іуэхукіэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъэкІа Указ №599-р зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыныныкІэ ведомствэхэм зэдай лэжьакІуэ гупым хэтхэр;

д) «Урысей Федерацэм и цІыхухэр тынышпІэ псори зиІэ псэупІэ езэгъыкІыгъэхэмкІэ къызэгъэпэщыныкІэ псэупІэ-коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я фІагъыр» къэзыгъэнымрэ я Іуэхукіэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъэкІа Указ №600-р зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыныныкІэ ведомствэхэм зэдай лэжьакІуэ гупым хэтхэр;

е) «Къэрал управленэм и системэр егъэфІэкІуэныкІэ гуэнтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм я Іуэхукіэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъэкІа Указ №601-р зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыныныкІэ ведомствэхэм зэдай лэжьакІуэ гупым хэтхэр;

ж) «Лъэпкъэм яку зэгурыІуэныгъэ дэлъныр къызэгъэпэщыным и Іуэхукіэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъэкІа Указ №602-р зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыныныкІэ ведомствэхэм зэдай лэжьакІуэ гупым хэтхэр.

2. Кьэру ямыІэжу кьэлъытэн:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Социально-экономикэ зыужьыныгъэм хуэгъэзауэ зыхуэпІъэ мурадхэр зэрагъэзащІэмрэ Урысей Федерацэм и Президентым и указ щхьэхуэхэр зэрагъэзащІэмрэ къэпщытэныкІэ щыІэ советым и деж ведомствэхэм зэдайуэ къыщыщэгъэпэща лэжьакІуэ гупхэм хэтхэр къэщтэным и Іуэхукіэ» 2014 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм къыдигъэкІа унафэ №225-РГ-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и деж Социально-экономикэ зыужьыныгъэм хуэгъэзауэ зыхуэпІъэ мурадхэр зэрагъэзащІэмрэ Урысей Федерацэм и Президентым и указ щхьэхуэхэр зэрагъэзащІэмрэ къэпщытэныкІэ щыІэ советым и деж ведомствэхэм зэдайуэ къыщыщэгъэпэща лэжьакІуэ гупхэм хэтхэр къэщтэным и Іуэхукіэ» 2014 гъэм къэдгъэкІыжа унафэ №254-РГ-м.

2. Мы унафэм кьару егъэут Іэ щыщІэздза махуэм щегъажьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм мазаем и 13-м
№12-РГ

Унафэм и гуэдзэнхэр 2-нэ нап. тетщ.

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - узыншагъэр хъумэныкІэ министр Шэт Ирмэ:

Узым къыхигъэзыхьу сымаджэщым къаша цІыхур зымыгъэгъуэлъа дохутыр нэхъыщхьэхэм абыкІэ жэуап яхь

- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цІыхухэм пщІэнэзу медицинэ дэІэпыкъуныгъэ ягъуэтыныкІэ къэрал программэм ипкъ иткІэ, узыншагъэр хъумэн Іуэхущ Іапіэхэм я къалэнщ сымаджэр зыхуей медицинэ Іуэхутхьэбзэ псори хуащІэну. Медицинэ Іуэхущ Іапіэхэм я дохутыр нэхъыщхьэ дэтхэнэми сымаджэхэм ягъуэт медицинэ дэІэпыкъуныгъэмкІи и нэІэм щІэтхэм я лэжьыгъэр зыхуэдэмкІи жэуап яхьынущ. Иужьрей зэманым щыІа тхьэусыхафэ псомкІи (Республикэ клиникэ сымаджэщым, Прохладнэ район сымаджэщым) КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм къэпщытэныгъэхэр ирегъэкІуэкІ, абы къыриІуэахэм япкъ иткІэ унафэ пщыхьІахэр кьащтэнущ. Министерствэм зэпымыууэ щолажьэ пІащІэгъуэкІэ зыдэпсалъэ хъун телефон – 42-41-17, зыщІ къыхигъэзыхьу сымаджэщым яшахэр абы щІамыгъэгъуалъхьэу гугъуехь щыІуэрэ и деж абыкІэ псалъэ хъунущ. Зыкъызэхуагъаз дэтхэнэ зы Іуэхуми хэпІъэнущ.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэ.

Фэеплъым и гъуэгуанэ

ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 70 щрикъу махуэшхуэр гъэлъапІэным ехьэлІа федеральнэ Іуэхугъуэхэм Урысейм и къалэ лІыхъужьхэм, дзэ щІыхьым и къалэхэм увыпІэшхуэ щаубыдэ. Абыхэм ящыщу Іэтащхьэ и хуитныныгъэм щІбзэну ар зыхъумахэм кьагъэлъэгъуа лІыгъэм, хахуагъэм папщІэ дзэ щІыхьым и кьалэ щІэ лъапІэр зыхуагъэфэща Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыхьэр Налшык.

ГЪАТХЭПЭМ и 14-м Къэбэрдей-Балъкъэрым къэсащ Урысейм и Профсоюз Щхьэхуитхэм ирагъэкІуэкІ автопробегыр. Урысейм и ФНП-м и тхьэмадэ Шмаков Михаил зи пащэ автоколоннэр Ставрополь краймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я гъунапкъэм дежь гуапэу лъэпкъ макъамэхэм щІэту, шыгъупІастхкІэ кьащІагъэблэгъащ, адыгэ джэгуи щыхэзахублэри, адэкІэ гъуэгуанэм пащащ.

Профсоюз автопробегыр хуэгъэпсащ къэралым Іэтауэ щагъэлъэпІэну Хэку зауэшхуэр ТекІуэныгъэ ІнкІэ зэриухэр илъэс 70, Урысейм и Профсоюз зэщІэкъуэенныгъэр илъэсиплІ 110-рэ, Урысейм и Профсоюз Щхьэхуитхэм я федерацэр къызэрызэрагъэпэщащ илъэс 25-рэ зэририкъуэм. Гъатхэпэм и 7-м Мэкку щызэхаубла автопробегым хэтхэм Сэлэт мыцІыхум и кхъащхьэм уда гъэгъахэр траЛъхьэри пэкІу нэужьым Ут Пльыжьым дежь гъуэгум щытеуващ. Абыхэм километр 1395-рэ Урысейм и щІыналъэ 40-м щызэпачынущ: Кърым, Кавказ, Поволжьэ, Урал, Сыбыр щІыпІэхэм икІи Магадан кьалэм щиухынущ.

Республикэм и щыхэр Налшык кьалэ кьыдыхьа тепльэ къызэрымыкІуэ зиІэ автомашинэхэм япэ итт ГАЗ-М20 «Победа» зэщІэльадэр. Зауэ нэужь льэхъэнэм Совет Союзым щыпсэу дэтхэнэри зэщІэхъуэпсу щыта автомашинэм и рулым дэст Урысейм и ФНП-м и тхьэмадэ Шмаков Михаил, абы бгъурыст КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэм и унафэщІ Амщокъуэ ФатІимэт. Автоколоннэр Пенинным и проспектым, Балъкъэр уэрамым, Щоджэнцыкіым и проспектым ирикІуэри ветеранхэр, республикэм и Правительствэм, Парламентым хэтхэр, кьулыкъущІэхэр, жылагъуэ зэгуэныгъэхэм я лІыкІуэхэр, студент щІалэгъуалэр, кьалэдзэхэр кьащыпэлІэ МарІэ мыужьыкІмкІэ яунэтІащ.

КъБР-м и Профсоюзхэм я федерацэм и унафэщІ Амщокъуэ ФатІимэт къызэхуэсахэм ягу къигъэкІыжащ къэралыр яхьумэу Хэку зауэшхуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыпэ 60 зиІэ зауэ гущІэхэр щекІуэкІа губгъуэхэм къыщынащ. Абыхэм я фэеплъыр зэи мыкІуэдыжькІи.

(КІэухыр 4-нэ нап.)

Дзэхэм я лъэщагъыр къапщытэ

УФ-м и Балтие флотым, Ипщэ дзэ округым, Хьэуадесантыдзэм щыщ гупышхуэхэм дыгъуасэ зыгъэсэныгъэхэм щІадзащ.

Дзэ хэхахэм я зыгъэсэныгъэхэр йоклуэкІ УФ-м зыхъумэжьныгъэмкІэ и министр Шойгу Сергей и унафэм щІэту.

Къэралым и Армэм и кьалэнхэр гъэззэщІынэм зэрыхуэхьэзырыр щызэхагъэкІ апхуэдэ къэпщытэныгъэхэм гъатхэпэм и 16-м щыщІадзащ Ищхъэрэ флотми, Къухъэпіэ дзэ округыми Хьэуа-десантыдзэхэми. А зыгъэсэныгъэхэм хэтщ Урысей Армэм кІуплъкІу щызэпщІэ щІыху мин 38-рэ, дзэ техникэу 3360-рэ, кхъухь 41-рэ, псыщІагърыкІуэ кхъухьу 15, кхъухьлъатэрэ вертолёту 110-рэ.

Дзэхэм я льэщагъыр, къэралым и шынагъэзыншагъэр зыкъызэрэпэщІынымрэ хуэунэтІауэ абыхэм я пщэ кьыдэхуэ къалэнхэр гъэззэщІынымрэ ахэр зэрыхуэщІар наІуэ кьыщыкхъунущ зыгъэсэныгъэхэм.

Шумэданым дигъапщкІуэри...

Польшэм и гъунапкъэхъумэхэр иджыблагъэ зрихьэлІар гъэщІэгъуэн дыдэ кьащыхьуат. Тереспольрэ кьалэм дежь абыхэм щагубыдащ и щхьэгъусэр шумэданым дззыгъэтІысхьауэ Франджым зышэ, а къэралым щыщ щІыхухъур.

Европэм уихьэну хуит узыщІ визэ щІыхубзым имыІэ пэтми, зэщхьэгъусэхэр Москва - Ниццэ кьалэхэр зэпызыщІэ мафІэгум итІысхьащ. Ахэр нэхъ пасэу егупсысауэ кьыщІэкІащ Франджым зэрихьэну щыкІэм - щІыхубзыр пхъэнтэм дигъэтІысхьащ и лІым. Арщхьэкіэ а гъэпщІагъэр кьыщыщІэщащ Польшэмрэ Белоруссиемрэ я гъунакъэм деж - Тереспольэ кьалэм - щыІэ пунктым. Абы щылажьэ гъунапкъэхъумэхэм гупрыщхъуэ хуащІащ шумэданышхуэ дыдэм.

- Хабзэншхуэ гъунапкъэ зэпаупщІын щхьэкІэ, цІыхухэр Імэл, гъэпцІагъэ куэдым хуоклуэ. Ауэ иджы япэу дрихьэлІэу аращ щІыхур пхъэнтэм дагъапщкІуэу къэралым ирашэну яужь ихьэным, - жаІащ гъунапкъэхъумэхэм.

Йубыда зэщхьэгъусэхэм кІэбгъу защІри кьагъэззэжащ, ауэ абыкІэ Іуэхур зэфІэкІынукъым. Ахэр Польшэм и суд пащхьэм ирашэнущ икІи тутнакъэщым илъэсищкІэ исыну тезыр кьытраІуэхьэнкІэ хъунущ.



♦1913 гъэм Налшык къыщызэІуахащ Налшык округым и лъэпкъхэм я Ісъездыр.

♦1965 гъэм СССР-м и летчик-космонавт Леонов Алексей «Восход-2» кхъухьм икІри, хьэрщ зэІухам япэ дыдэу хыхьащ.

♦1980 гъэм Плесецк космодромым «Восход-2М» ракетэр ягъэльэтэным щыхуагъэхьэзырым ар къэуащ, ужькІи мафІэсышхуэ къэхъащ. Абы цІыху 48-рэ хэкІуэдащ, 40-м щІигъум фэбжьышхуэхэр хахауэ щытащ.

♦2014 гъэм Іэ традзащ Кърым Республикэр Урысей Федерацэм къыхэгъэхьжьным теухуа зэгурыІуэныгъэм. Апхуэдэ щІыкІэкІэ къэунэхуащ УФ-м и щІыналъэІэхэу Кърым Республикэмрэ федеральнэ мыхьэнэ зиІэ Севастополь щІалэмрэ.

♦Филологие щІэныгъэхэм я доктор, КъШКъУ-м и профессору щыта, УФ-м, КъБР-м, КъШР-м, АР-м щІэныгъэхэмкІэ щыхь зиІэ я лэжьакІуэ, ЩДАА-м и академик, «Хэкум и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» орденым и 4-нэ, 3-нэ нагъыщхэр зыхуагъэфэща **Хъупсырокъуэ Хъызыр** къызэральхурэ илъэс 85-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и щІыхубэ тхакІуэ **Шэджыкъущэ Хьэмыщэ** къызэральхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Урысей фигурист, Олимп чемпион, дунейм плІэнэ-рэ и чемпион хъуа, Европэ чемпионатым щэнэйрэ щытекІуа **Ягудин Алексей** и ныбжьыр илъэс 35-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур «pogoda.yandex.ru» - сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 3 - 4, жэщым 1 градус щыхьэнущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬэКІэмЫХЪУ Маринэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ корпупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІащІэгъэкІ щІыхухэр зэдэпсалъэ хъун телефонхэр: 8(8662) 40-89-70, 40-34-32.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Хабзэр убзэнкъым, акъылыр кьалэнкъым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм мазаем и 13-м къыдигъэкIа Унафэ №12-РГ-мкIэ къыщыдгъэкIа

«Зэман кIыхьым тещIыхьауэ къэралым иригъэкIуэкI экономикэ политикэм и Iуэхукlэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъэкIа Указ №596-р зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыныжьмкIэ ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым хэтхэр

Литовченко Т. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафащ1ым и яп къуэдзэр *(ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым я унафэщIщ)*

Рахаев Б. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр*(ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым я унафэщIым и къуэдзэщ)*

Белецкая О. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм социально-экономикэ зэхъуэкIыныгъэхэмкIэ и департаментым и унафащIэр *(ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым я секретарщ)*

Бышэн А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIымрэ мылъкумрэ я Iэхъуэхмкlэ и министр

Гащтэ А. А. - Къэрал статистикэмкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и Щ1ыналъэ органу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щ1ым и унафащIэр *(зэгурыIуауэ)*

Гузбэшы З. Гъ.-А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымрэ сатумкIэ и министр

Дадэ М. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафащ1ым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр

Емуз Н. Гъу. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафащ1ым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэм я Iэхъуэхмкlэ и министрым

Къэрмокъуэ Хь. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэрал чэнджэщэгъуэр

Къудей А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Транспортымрэ связымкIэ и къэрал комитетым и унафащIэр

Къумахуэ М. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ и министрыр

Къунижь В. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Гъуэгу хозяйствэмкIэ и управленэм и унафащIэр

Лыхь З. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкIэ министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэр

Тутыкъу А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрыр

Тюбеев А. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр Iэнатlэкlэ кьызэгъэпэщыныжьмкIэ, социальнэ дэIепыкъуныгъэмкIэ и министрыр

Шагин С. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм курортхэмэ туризмэмкIэ и министрыр

Шэт И. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафащ1ым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узынщагъэр хъумэныжьмкIэ и министрыр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм мазаем и 13-м къыдигъэкIа Унафэ №12-РГ-мкIэ къыщыдгъэкIа

«Узынщагъэр хъумэныжьмкIэ Iэнатlэм хуэгъэза къэрал политикэр егъэфIэкIуэным и Iуэхукlэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъэкIа Указ №598-р зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыныжьмкIэ ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым хэтхэр

Шэт И. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафащ1ым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узынщагъэр хъумэныжьмкIэ и министрыр *(ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым я унафэщIщ)*

Асанов А. О. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узынщагъэр хъумэныжьмкIэ и министрым и къуэдзэр *(ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым я секретарщ)*

Бэракъ Р. О. - Щ1эхъакIуэхэм я хуитныгъэхэр хъумэныжьм цIыхум зIыузэпэщ псэукIэр иIэныжьм я Iэнатlэм щыкIэпIыкIуэныжьмкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIым и унафащIым - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и санитар дохутыр нэхъыщхьэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*

Бер М. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узынщагъэр хъумэныжьмкIэ и министерствэм и Жылагъуэ советым и тхьэмадэр *(зэгурыIуауэ)*

Гащтэ А. А. - Къэрал статистикэмкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и Щ1ыналъэ органу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIым и унафащIэр *(зэгурыIуауэ)*

Емуз Н. Гъу. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафащ1ым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэм я Iэхъуэхмкlэ и министрыр

Къэзанш Л. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цIыхубз коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым и унафащIэр

Къаздэхъу О. Гъу. - Бахъсэн муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

КIэрэф М. А. - Тэрч муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Лыхь З. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэр

Лутl А. Г. - Прохладнэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Рамазан Р. Хь. - Шэрэдж муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Расторгуевэ С. А. - Узынщагъэр хъумэныжьмрэ социальнэ зыужьыныгъэмрэ я Iэнатlэхэм щыкIэпIыкIуэныжьмкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIым и унафащIым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*

Тюбеев А. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр Iэнатlэкlэ кьызэгъэпэщыныжьмкIэ, социальнэ дэIепыкъуныгъэмкIэ и министрыр

Ульбашев И. Хь. - Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Уянаевэ А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и чэнджэщэгъуэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм мазаем и 13-м къыдигъэкIа Унафэ №12-РГ-мкIэ къыщыдгъэкIа

«Къэрал управленэм и системэр егъэфIэкIуэныжьмкIэ унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм я Iуэхукlэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъэкIа Указ №601-р зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыныжьмкIэ ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым хэтхэр

Литовченкэ Т. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафащ1ым и яп къуэдзэр *(ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым я унафэщIщ)*

Рахаев Б. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрыр *(ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым я унафэщIым и къуэдзэщ)*

Белецкая О. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм социально-экономикэ зэхъуэкIыныгъэхэмкIэ и департаментым и унафащIэр *(ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым я секретарщ)*

Вындыжь А. Хь. - Бахъсэн муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэхъуэхэ зезыгъакIуэр *(зэгурыIуауэ)*

Гащтэ А. А. - Къэрал статистикэмкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и Щ1ыналъэ органу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIым и унафащIэр *(зэгурыIуауэ)*

Гашев А. М. - Шэрэдж муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Жилинэ С. А. - Шэджэм муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Зеущэ Хь. М. - Бахъсэн къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэхъуэхэ зезыгъакIуэр *(зэгурыIуауэ)*

Къаз Р. Хь. - Аруан муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Ким Р. Б. - Май муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Гугъуэтыж А. Б. - Лэскэн муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэхъуэхэ зезыгъакIуэр *(зэгурыIуауэ)*

Крутиков О. И. - Прохладнэ къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэхъуэхэ зезыгъакIуэр *(зэгурыIуауэ)*

Лыхь З. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэр

Матросов А. А. - Прохладнэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэхъуэхэ зезыгъакIуэр *(зэгурыIуауэ)*

Тонконог А. Ю. - Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и яп къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Тюбеев А. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр Iэнатlэкlэ кьызэгъэпэщыныжьмкIэ, социальнэ дэIепыкъуныгъэмкIэ и министрыр

Уянаевэ А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и чэнджэщэгъуэр

Хъущт А. А. - Тэрч муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и яп къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм мазаем и 13-м къыдигъэкIа Унафэ №12-РГ-мкIэ къыщыдгъэкIа

«Къэрал социальнэ политикэр гъэзэщIэныжьмкIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэм я Iуэхукlэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъэкIа Указ №597-р зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыныжьмкIэ ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым хэтхэр

Шэт И. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафащ1ым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узынщагъэр хъумэныжьмкIэ и министрыр *(ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым я унафэщIщ)*

Тюбеев А. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр Iэнатlэкlэ кьызэгъэпэщыныжьмкIэ, социальнэ дэIепыкъуныгъэмкIэ и министрыр *(ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым я унафэщIщ)*

Афашоковэ Р. Д. - Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и яп къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Бажэ Д. М. - Лэскэн муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Дзэхъу Н. Гъу. - Бахъсэн муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Къардэн Ф. А. - Бахъсэн къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр (зэгурыIуауэ)

КIэрэф М. А. - Тэрч муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Мамухуэ М. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкIэ и министрыр

Лыхь З. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкIэ министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэр

Лутl А. Г. - Прохладнэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Нерубленкэ О. М. - Прохладнэ къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*

Полиенко О. И. - Май муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Рамазан Р. Хь. - Шэрэдж муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Сэхъурокъуэ Хь. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэм я Iэхъуэхмкlэ и министерствэм и жылагъуэ советым и тхьэмадэр *(зэгурыIуауэ)*

ТекIушэ А. А. - Шэджэм муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Ульбашев И. Хь. - Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Устэ Д. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэм я Iэхъуэхмкlэ и министрым и къуэдзэр *(ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым я секретарщ)*

Щоджэн Р. Хь. - Аруан муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм мазаем и 13-м къыдигъэкIа Унафэ №12-РГ-мкIэ къыщыдгъэкIа

«Лъэпкъхэм яку зэгурыIуэныгъэ дэлъныр къызэгъэпэщыным и Iуэхукlэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъэкIа Указ №602-р зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыныжьмкIэ ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым хэтхэр

Емуз Н. Гъу. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафащ1ым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэм я Iэхъуэхмкlэ и министрыр *(ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым я унафэщIщ)*

Афашоковэ Р. Д. - Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и яп къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Гащтэ А. А. - Къэрал статистикэмкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и Щ1ыналъэ органу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIым и унафащIэр *(зэгурыIуауэ)*

Гергоков Дж. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан жылагъуэ Іэхъущ1апIэхэм ядэлэжьныгъэм пIалъэкIэм я Іуэхухэмкlэ и управленэм и унафащIым и къуэдзэр *(ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым я секретарщ)*

Дзэхъушокъуэ И. И. - Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Дроздов И. П. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Жилинэ С. А. - Шэджэм муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Зеущэ Хь. М. - Бахъсэн къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэхъуэхэ зезыгъакIуэр *(зэгурыIуауэ)*

Къазанш Л. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ цIыхубз коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым и унафащIэр

Къаздэхъу О. Гъ. - Бахъсэн муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

КIурашын А. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан жылагъуэ Іэхъущ1апIэхэм ядэлэжьныгъэм пIалъэкIэм я Іуэхухэмкlэ и управленэм и унафащIыр

Лыхь З. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэр

Лутl А. Г. - Прохладнэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Нерубленкэ О. М. - Прохладнэ къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*

Полиенко О. И. - Май муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Рамазан Р. Хь. - Шэрэдж муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

ТекIушэ А. А. - Шэджэм муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Ульбашев И. Хь. - Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Уянаевэ А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и чэнджэщэгъуэр

Щоджэн Р. Хь. - Аруан муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2015 гъэм мазаем и 13-м къыдигъэкIа Унафэ №12-РГ-мкIэ къыщыдгъэкIа

«Урысей Федерацэм и демографие политикэр пхыгъэкIыныжьмкIэ лэжьыпхъэхэм я Iуэхукlэ» Урысей Федерацэм и Президентым 2012 гъэм накъыгъэм и 7-м къыдигъэкIа Указ №606-р зэрагъэзащIэм кIэлъыплъыныжьмкIэ ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым хэтхэр

Шэт И. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафащ1ым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм узынщагъэр хъумэныжьмкIэ и министрыр *(ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым я унафэщIщ)*

Тюбеев А. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм лэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр Iэнатlэкlэ кьызэгъэпэщыныжьмкIэ, социальнэ дэIепыкъуныгъэмкIэ и министрыр *(ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым я унафэщIщ)*

Афашоковэ Р. Д. - Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и яп къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Бажэ Д. М. - Лэскэн муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Гащтэ А. А. - Къэрал статистикэмкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и Щ1ыналъэ органу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIым и унафащIэр *(зэгурыIуауэ)*

Дзэхъушокъуэ И. И. - Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Къаздэхъу О. Гъу. - Бахъсэн муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Къардэн Ф. А. - Бахъсэн къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр (зэгурыIуауэ)

КIэрэф М. А. - Тэрч муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Лыхь З. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэр

Лутl А. Г. - Прохладнэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Нерубленкэ О. М. - Прохладнэ къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэм и къалэнхэр зыгъэзащIэр *(зэгурыIуауэ)*

Полиенко О. И. - Май муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Рамазан Р. Хь. - Шэрэдж муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Сэхъурокъуэ Хь. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэм я Iэхъуэхмкlэ и министерствэм и жылагъуэ советым и тхьэмадэр *(зэгурыIуауэ)*

ТекIушэ А. А. - Шэджэм муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Ульбашев И. Хь. - Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Устэ Д. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэм я Iэхъуэхмкlэ и министрым и къуэдзэр *(ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым я секретарщ)*

Щоджэн Р. Хь. - Аруан муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Емуж Н. Гъу. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафащ1ым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэм я Iэхъуэхмкlэ и министрыр *(ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым я унафэщIым и къуэдзэщ)*

Афашоковэ Р. Д. - Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и яп къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Гащтэ А. А. - Къэрал статистикэмкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и Щ1ыналъэ органу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIым и унафащIэр *(зэгурыIуауэ)*

Гергоков Дж. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан жылагъуэ Іэхъущ1апIэхэм ядэлэжьныгъэм пIалъэкIэм я Іуэхухэмкlэ и управленэм и унафащIым и къуэдзэр *(ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым я секретарщ)*

Дзэхъушокъуэ И. И. - Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Дроздов И. П. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Емуз Н. Гъу. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафащ1ым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэм я Iэхъуэхмкlэ и министрыр *(ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым я унафэщIщ)*

Къумыкъуэ А. Д. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Лэжьыгъэмкlэ, цIыхухэр Iэнатlэкlэ кьызэгъэпэщыныжьмкIэ, социальнэ дэIепыкъуныгъэмкIэ и министерствэм социальнэ дэIепыкъуныгъэмкIэ и департаментым и унафащIэр *(ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым я секретарщ)*

Къаздэхъу О. Гъу. - Бахъсэн муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Къардэн Ф. А. - Бахъсэн къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Емуз Н. Гъу. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафащ1ым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, щIалэгъуалэм я Iэхъуэхмкlэ и министрыр *(ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым я унафэщIщ)*

Лыхь З. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкIэ и

●ТекIуэныгъэ-70

ТекIуэныгъэр къэзыхьа ди зауэлIхэм Чехословакием и цIыхуэхэр къапежьащ.
1945 гъэ, накъыгъэ мазэ

Алътуд Ю. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафащ1ым и яп къуэдзэр *(ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым я унафэщIщ)*

Ашэбокъуэ А. М. - Прохладнэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Бэрэгъун З. И. - Лэскэн муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм псэугъэм пыщIа Іэхъуэхмкlэ и управленэм и унафащIыр *(зэгурыIуауэ)*

Бэрбэч А. Хь. - Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Бышэн А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIымрэ мылъкумрэ я Іэхъуэхмкlэ и министрыр

Вындыжь Р. Хь. - Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Гащтэ А. А. - Къэрал статистикэмкIэ федеральнэ къулыкъущIапIэм и Щ1ыналъэ органу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIым и унафащIэр *(зэгурыIуауэ)*

Джэдгъавэ М. В. - Тэрч муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм псэугъэм, ухуэныгъэм, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм я пыщIа Іэхъуэхмкlэ и управленэм и унафащIэр *(зэгурыIуауэ)*

Къанэмэт Р. Ю. - Бахъсэн муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и яп къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Къардэн Н. М. - Бахъсэн къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

КIэбышэ Ю. В. - Шэджэм муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Кочергин Д. А. - Прохладнэ къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и яп къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Кучменов ТI. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмкlэ, тарифхэмкlэ, псэупIэхэм якIэлъыплъыныжьмкIэ и къэрал комитетым и унафащIэр

Лыхь З. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкIэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащIэр

Мэзло Р. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрым и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Молочков А. В. - Аруан муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Сунш А. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и чэнджэщэгъуэр

Тимошенкэ Н. В. - Май муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и яп къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Тогузаев Ю. Хь. - Шэрэдж муниципальнэ районым и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Тутыкъу А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрыр

Улымбащ А. Хь. - Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Швачий Т. Ю. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министрым и къуэдзэр *(ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гупым я секретарщ)*

● Дифі догъэтъапІэ

Сабиипсэм дыхьэ усакІуэ 80

Сабий литературэм хэлъхьэныгъэшхэр хуэзыщІа тхакІуэхэм ящыщщ иджыблагъэ зи ныбжьыр илъэс 80 ирикъуа Щоджэн Леонид. Ар Бахъсэн районым хыхьэ Куба къуажэм къыщалъхуащ. Курыт школ нэужьым дзэм къулыкъу щиІащ, иужькІэ Донбасс шахтэхэм щылэжьащ. 1966 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр кьиуэри, илъэс зыбжанэкІэ тхыдэмкІэ егъэджакІуэу щылэжьащ Къуэлъкъужьым Ищхьэрэ къуажэм, Бахъсэн, Налшык къалэхэм щыІэ курыт школхэм. 1973 – 2002 гъэхэм ар КъБКъУ-м щылІащ тхыдэмкІэ егъэджакІуэу икІи музейм и унафэщІу.

Щоджэн УФ-м и ТхакІуэхэм, Журналистхэм я зэгухьэныгъэхэм хэтщ. Абы и къалэмыпэм къыщІэкІащ сабийхэм папщІэ тхылъ 15, пэщІэдзэ классхэр зэрырагъаджэ учебникыу 5 адыгэбзэкІэ зэридзэкІащ. Леонид и усэхэр школхэм щагъэдж. Ди республикэм и композитор цІэрыІуэхэм я гъусэу абы уэрэду 500-м щІигъу итхащ.

Егъэджэныгъэм хуищІа хэлъхьэныгъэр, и творческэ зэфІэкІыр къалъытэри, абы къыхуагъэфэщащ «И лэжьыгъэфІым папщІэ» медалыр. Абхъаз Республикэр и щхьэхуитныгъэм щыщІэбэным жыджэру зэрадэІэпыкъуам къыпэкІуащ «ЩІыхьэ пщІэрэ» орденыр. Лъэпкъэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр егъэфІэкІуэныкмкІэ иригъэкІуэкІа жылагъуэ лэжьыгъэхэм папщІэ къратащ Урысейм и лъэпкъэм я ассамблеем и «Дыщэ медалыр».

Щоджэн Леонид КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэщ. Мы зэманми абы адыгэбзэр, лъэпкъ щэнхабзэр, хабзэр хъумэныкІэ жылагъуэ лэжьыгъэ купщІафІэ иригъэкІуэкІ.

щоджэн Леонид: Си дежкІэ тхылъым и пщІэр зэи ехуэхынукъым

- Леонид, тхэныр дауэ къыщІэбдза хъуат?

- 5-6-нэ классхэм сыщІэсу си ныбжьэгъуцІыкІухэм садэгушыІэщІыкІэу усэ кІэщІэр яхуэзэхъуэу щІэздзащ. Ялэу стхар емыджэфу гуэрым хуэгъэзат. ЕгъэджакІуэм абы и хьыбар щыізхихым: «А птхар сыгъэлъагъут», - жиІэри сІихащ икІи куэд мы щІэу школым къыщыщІэкІ блын газетым кьытехуащ. ГушыІэ, щІагъыбзэ щІэлъу егъажьэри, си зэхэщІыкІым зиужьыкъу усэхэми нэхъ гупсысэ шэщІа ящІэлъу стихъ хъуащ. Апхуэдэ си ялэ Іэдакъэщ Іэкіэхэм ящыщщ Нэгумэ Шорэ ехьэлІар. Анэдэлъхубзэм теухуауэ абы иІэ гукъеуэхэм, хуэлэсапІэхэм сапэджэжу стхат а усэр. Абы щыгъуэм 7-нэ классым сыщІэст. Усэ зыкъом зэхуэсхьэсауэ тетрадым иту кьесхьэкІыт. Зэгуэрым егъэджакІуэм чэнджащ кьызитащ ахэр районым кьыщыдэкІ «ПсэукІэщІэ» газетым схьыну, Сытегушхуэри, сыкІуащ редакцэм. Газетым и редактор нэхъыщхьэр Нэгумэ Умарт. Усэхэм хэлъэри: «Мыхэр пэжу уэ птха?» - жиІэри кьызэупщІащ. Абдежым си щхьэр кьыфІэхуащ: «Мыхэр зыгуэрым схуитхауэ, сэ апхуэдэ зэфІэкІ симыІэу кьыщыхъуауэ ара хъунщ», - жысІэри. АрщхьэкІэ кьеплъщ-неплъри, Шорэ теухуар сІихащ, мыдрейхэм тІэкІу захэлъхьыжыну кьызитыжащ. Куэд дэмыкІыу усэр газетым кьытридзащ. Сэ абы хуабжьу сыщыгуфІыкІащ икІи тхэным нэхъри сытригъэгушхуащ. Къуажэм щыІэ художественнэ самодеятельностым сыхэтти, уэрэд цІыкІу зэхэслъхьэу щІэздзащ. Ахэр жэмыш, комбайнер пашэхэм ятеухуауэ стхыпт. ЩэнхабзэмкІэ унэм и унафэщІу щыта Къарэмырэ Мухьэмэд пшынауэ Іэзэти, си ІэдакъэщІэкІхэм макъамэр ящІилъхьэрт. Ахэр цІыхухэм ягъэзащІэу щІадзащ. Класс нэхъыжьхэм дыщыщІэсым си ныбжьэгъухэм: «Леонид, щхьэ роман умыгъхэ?» - кьызжаІэрт. Абыхэм яхэтт кьыздэгущыІи, ар схуэзэфІэкІын я гугъэу ейтыщу кьызжезыІи. Блокнотыр сыгъэтти дежи сыгъти, си щхьэм кьхэпы гупсысэр занщІэу абы истхэрт. Апхуэдэуэрэ сыдихьэхыпІэри, Іэщ Іагъэ схуэхъуащ.

- Уэ цІыкІуэхэщ нэхъыбэу узыхуэтхэр. Сабиипсэм удыхьэу утхэныр. Куэдым кьызэралъытэмкІэ, гугъущ.

- Сэ сызэреплъыкІэ, балигъхэм уахуэтхэныр нэхъ гугъужщ. ТхакІуэм и Іуэхум зыри тыншу хэлъкъым. Мыр стхынщ, жыпІэу утІыкІэ, зыри кьикІынукъым. УэытетхэкІыну ухуей Іэхуэгъуэр уи щхьэм щыбгъэпсами, ар кьызэрыбгъэпэгъуну псалъэр зэгъэкІуауэ кьыпхуэкІуэн хуейц. Сабийхэм папщІэ сэ тхылъ зыбжанэ кьыдзэгъэкІащ. Тхылъэр дунейм кьытехьахэм ящыщщ «Лъэмыж», «Къру щырхэр» жыхуиІэхэр. Ахэр цІыкІуэхэм адэ-анэхэми ягу ирихьащ. «Уи тхылъ цІыкІур къэсщэхуащи, си быным абы ити хъыар зригъэщІащ», - кьызжаІэрт кьызбгъэдыхьэурэ. Ар си дежкІэ гуапэт. «Къру щырхэр» тхылъым и Іуэхур гъэщІэгъуэну кьекІуэкІащ. Композитор цІэрыІуэ Даур Аслъэн уэрамым сыщыкуэзауэ кьызжиІат а тхылъым и уэрэд 15-м макъамэ зэрыщІилъхьар. А Іуэхуми икъуэкІ сыщыгуфІыкІат. Ижьыкіэ Даурым Урыс-Кавказ зэуэным уэрэдзэ макъамэ итхри, абы псалъэхэр сэ щІэслъхьащ. Уэрэд Іуэхуікіэ сэ нэхъыбэу сызыдэлэжьар Къэбэрдокъуэ Борисщ. Зэчиишхуэ зыбгъэдэпІ цІыхут ар. Абы макъамэ итхти, жэщ ныкъуэм нэпсалъэрт: «Леонид, макъамэр хьэзырщ, псалъэ схущІалъхьэ», - жиІэрти. Абыхэм сраГасэащ макъамэм псалъэ щІэслъхьэу. Апхуэдэу садэлэжьащ Кьардэн Хьэсэн, Молэ Владимир сымэ. Си усэ зыбжанэм макъамэ щІилъхьащ Къул Амир. КьищыкъэмыщІауэ, абы макъамэ итхри, анэм теухуауэ абы хуэкІуэн уси сыгъэтхащ. А уэрэдыр Кьулхэ я гъатІуэм жаІэ. Иджыпсту си усэхэм нэхъыбэу макъамэ щІэзыІъхьэр Жылау Арсенщ. Псори зэхэту уэрэду 500 стхащ. Уэрэд 450-рэ иту тхылъ кьыдзэгъэкІыну си гугъэщ.

Сыт абыхэм я мыхьэнэр? Сабийм уэрэдыр жиІэу, усэм къеджэу, кьуажэхьэхэр кьищІэу къэтэджэжщ, абы и бзэр щыгъупщэжынукъым, ар фІыуэ илъагъунущ. Абыхэм ар учгъуэм щыхуамыгъаесэмэ, садымрэ школымрэ куэд кьыщищІэнукъым. Ди жагъуэ зэрыкъунщи, сабий садэхэр зэрылажьэр урыс программэщ. Адыгэбзэм хухах ежьыхьэт бжыгъэр матщІэщ. Абы кьыхэкІкІэ шынагъуэ щыІэщ нобэрей щІэблэр бзэр ямыщІэу къэтэджынымкІэ.

- Леонид, уэ ущыщщ ди анэдэлъхубзэм и щытыкІэм игъэгуэавэхэм. Абы теухуауэ телевиденэми, радиоми, газетхэми куэдрэ укъыщопсалъэ. Сыт абы и лъэныкъуэкІэ гурыгъуэ щхьэзытыр?

- Перестройкэм и зэманым дыкъагъэгуэат ди бзэкІэ деджэжьну хуит дащІыну. Республикэм егъэджэнымрэ щІэныгъэмкІэ министрыр Тхьэгъэпсо Хьэжысмелти, дызэгурыІуэри, Іуэхур тэмэму дубзыхуат. КьыщІэдадзащ сабий саджэм кІуэ щІыкІуэхэри еджакІуэхэри классиплым нэскІэ адыгэбзэкІэ ирагъаджэу. Абы щыгъуэм зэреджэн учебникыу тху ззэдзэкІащ сэ. ДызэрызэгурыІуамкІэ, ятпэщІыкІэ 4-нэ классым нэскІэ, тэмэму зэтеувэмэ, адэкІэ предметыр псори я анэдэлъхубзэкІэ яджу тщІынут, урысыбзэм, хамэ къэралыбзэм сыхьэт щхьэхуэхэр яІэжу. АрщхьэкІэ куэд дэмыкІыу Іуэхур зэтракъутащ: «Дэ адыгэбзэми балъкъэрыбзэми КъалэкІыхьым дыфІихьнукъым. Урысыбзэ дымыщІэмэ, глобализацэ екІуэкІым дыхьыхьэфынукъым», - жызыІа унафэщІхэм. ПэщІэдзэ классым кІуэ щІыкІуэхэр ильэс зыбжанэкІэ я анэдэлъхубзэмкІэ еджащ. Си тхылъымкІэ зэреджэн грагъэплъыну школхэм срагъэблагъэрт. Абы щыгъуэм егъэджакІуэхэм жаІэрт: «Леонид, ди сабийхэр бгъэтыншыжащ, тІу зыхуэдгъэувыжын дгъэутыжынкым, 4, 5-кІэ йоджж. УрысыбзэкІэ еджэ классхэм идогъашІэри, абы щІэс сабийм зы есэп ищІыжьыкІэ мыдрейр апхуэдэу 5-м полъэщ». Абы къикІыр сыт? Си анэдэлъхубзэкІэ узэпсалъэ сабийр нэхъ псынщІэу зэрыгупсысэрщ. УрысыбзэкІэ жепІэм къикІыр кьыгурыбгъэІуэным зэман токІуадэри, а есэп щІыжьыным нэмысу урокыр ещІ. «Сабийр и анэдэлъхубзэкІэ егъэджэн хуейщ, армырамэ, абы и акъылым псынщІэу зиужьынукъым, дагуаеу кьэхъунущ», - жаІэ педагог цІэрыІуэхэу Коменский Ян, Ушинский Константин сымэ.

- Языныкъуэхэм къалъытэ сабийр пэщІэдзэ классым и анэдэлъхубзэкІэ еджэмэ, класс нэхъыбэхэм кІуэ нэужькІэ, урысыбзэр зэримыщІэм къыхэкІыу, и зэфІэкІым кІэрыхуу.

- А Іуэхум хуэмейхэм абы щыхъэсыгъуэ Іэджж кьыхуагъуэтыщ. Министерствэр къэтщтэнщи, апхуэдиз тхылъыр адыгэбзэкІэ кьыдэгъэкІынымк, егъэджакІуэхэм я щІэныгъэм хэгъэхъуэным мыпЫку хухахыбынукъым. Адэ-анэм теухуауэ щІэлъмэ, абыхэми псоми я Іуэху еплъыкІэр зэхуэдэкъым. Куэдми кьыздаІыгъащ, мыарэзыхэри щыІэт. Класс нэхъыжьхэм нэсмэ, я ещанэм кІэроху жыхуаІэр пІыщІ. Зы бзэ фІэкІ зымыщІэу еджапІэм кІуа сабийм урысыбзэкІэ кІьепсалъэзэ, зыгуэр кьыгурыІуэну? Хуэм-хуэмурэ урысыбзэр кьищтэну аращ абы. А предметым хухаха сыхьэт бжыгъэмкІэ бзэр абы фІы дыдэу хуэгъэщІэнуц. АдэкІэ радиомрэ телевизорымкІэ абы зэхихьр урысыбзэщ. Урысыбзэ дэ дымыщІэжу дыкъэнэнкІэ щынагъуэ щыІэкъым, жылагъуэм нэхъыбэу щызекІуэр аращи. Хуей-хуэмейми, а бзэр кьищтэнущ сабийм. «Сабийр и анэдэлъхубзэкІэ илъэсихкІэ еджа нэужь, адэкІэ хамэ бзэр кьыхэбгъэхьэ хъунущ», - жеІэ Коменский Ян.

Иджыпсту дызэрыт щытыкІэм хуэдэу кІэлъплэм я анэдэлъхубзэр яІэщІэхунущ. Къэлащтэмэ, адыгэбзэкІэ ирижэу кьеджэф куэд щІалэгъуалэм яхэткъым. Ар псоми кьыщежьэр еджапІэхэм адыгэбзэм хухах сыхьэт бжыгъэр зэрагъэмэщІарщ. А Іуэхуми куэдрэ дытепсэлъыхьащ. ЗэкІэ кьикІа щыІэкъым. Бзэм зегъэужьыныр, егъэфІэкІуэныр сэ си закъуэкІэ е нэгъуэщІ зыгуэрым и закъуэкІэ зэфІэкІынукъым. Бзэр гъэлэжьэн хуейщ. Уи бзэкІэ лъэІу тхылъ птхамэ, жэуапри абыкІэ кьратыжьпхъэщ, зэхуэсхэри пшыныхэри ди анэдэлъбзэкІэ екІуэкІыу щытын хуейщ. Ди бзэр ІуэхущІапІэхэм щымылажьэмэ, абы кьрикІуэнур щІагъэуэкъым.

- АтІэ, Леонид, уэ узэреплъымкІэ, ди бзэр хэкІуэдэжьныкІэ шынагъуэ щыІэщ.

- «ХэкІуэдэжьну» псалъэр бзэм ехьэлІауэ жыпІэну гуузщ. Бзэр щымыІэжмэ, ар зыГурыпльа пъэпкъэр хэкІуэдэжауэщ зэрабжыр. Абы кьикІыр адыгэ лъэпкъыр убыххэм хуэдэу дыкІуэдыжьну пІэрэ жиІэу аращ. Я анэдэлъхубзэм и лъэныкъуэкІэ гурыгъуэ зиІэр ди закъуэкъым, ар лъэпкъ щІыкІуэр псори зыІууэ гугъуехьщ. Ди къэралым анэдэлъхубзэм и Іуэхур зыІутыр жыпІэмэ, абы лей кьытохьэ. Ауэ ар апхуэдэу щыт хъунукъым. ООН-ри жылагъуэ Іуэхущ Іапі эхэри телэжьэн хуейщ мы дунейм бзэуэ тетыр зэрахъумэным.

Адыгэхэр бжыгъэкІэ дымащІэкъым. Республикэм Цыху мин 500-м щІигъу дыщопсэу. АтІэ ар дауэ ди бзэр тхуэмыхъумэжу? Иджыблагъэ Тыркым кьикІри, «Хуитыныгъэ» радиом щылажьэ корреспондент си деж кьэкІуат. Абы кьызжиІащ адыгэу мелуани 8-м щІигъу Тыркым зэрыщыпсэур. «Апэм ди бзэкІэ псэлъэныр кьыптаубыду щытащ. Иджьыпсту дыззэуэсмэ, Хасэр зэхьхьамэ, адыгэбзэкІэ допсалъэ. ЩІалэгъуалэр кьалэшхуэхэм кьоІэпхъэ. Абы кьыхэкІыу зыхэсым хошыпсыхьыжри, нэхьыбэм бзэр яфІокІуэд», - кьызжиІащ. Кьапщтэмэ, а мелуани 8-м щыщу 2-м анэдэлъхубзэр яІурылъмэ, ари хъарзынэщ, абыкІи бзэр хъума мэхъу.

Дэтхэнэми кьызыхэкІа лъэпкъым и бзэр, и тхыдэр, и щэнхабзэр ищІэу щытын хуейщ. Лъэпкъ зырызу дунейм дыкъышыгтрагъэхьэкІ, зыр зым дыкьызэрыщхьэщыкІыр зыІэщІэдгъэху хъунукъым. Абы и лъэныкъуэкІэ, псалъэм папщІэ, Іуэхуфщ Адыгэхэм я махуэр зэрагъэувар. Ильэс 25-рэ мэхъури, Литературэ сагуГат зыми иратакъым, иджы сом мелуанкІэ ягъэпэжну кьыхалъхьащи, ари хъарзынэщ. Мис ахэр и щыхьэтщ гува-щІэхами, бзэм и Іуэхур зэрефІэкІуэнум.

- Тхылъым нобэ хуэфэщэн пщІэ игъуэтыжыркъым. Абы и пІэр Интернетым кьыщІэкІ, Сыт абы и хэхьыжьэу уэ пІэрыр?

- Сэ си дежкІэ тхылъым и пщІэр зэи ехуэхынукъым. Тхылъ гъэщІэгъун срихьэлІамэ, си иужьрей сомыр щІэстыныр хъэсщэхунущ. Апхуэдэу ищІэнущ тхылъыр фІыуэ зыльагъу дэтхэнэми. Ауэ пщІы хэмыльу, Интернетыр кьыхэзрыпэнэхуэ куэдым тхылъым мыжьэнэщхуэ иратыжыркъым. Апхуэдэу щымытын щхьэкІэ щысабийм щегъэжьауэ дегъэзхьэхьн хуейщ тхылъым. Дунейм кьытехьэ тхылъхэр зыхуэдэм щІыхуэр щыгъэгъуэзэапхъэщ. Тхылъыр зэ Іэпэгъу зыхуэхъуам, ар тынщу ІэщІыб ищІынукъым. Абы дыхьэуменжину, къеІуэн имыІэу жьэ,зІэщ щоуэ. Компьютерым уи нэр ирифыкІауэ узэрыбгъэдэсымрэ тхылъ къапщтэу уеджэнымрэ зэи зэхуэдэ хъунукъым.

Бахъсэн дзт школым сыщыщІыам, сабийхэр тхылъым дезгъэхьэхьэн папщІэ Іэмал зэхуэмыдэхэр кьэзгъэсэбэлыр. Апхуэдэу тхылъыщІэ кьыдэкІауэ кьыззэрыщІэу ар зыІэрыгъэхьэрт. Налшык сыкъэкІуэурэ схьырти, сабийхэми кьуажэдзэ нэхъыжьхэми яхуэзэгъэшуэрэ егъэджэрт. Апхуэдэу илъэситхум кьрибыдэу си Іэм Іэщ Іэкіауэ щытащ тхылъ мини 10. А егъэкІуэкІ Іуэхур яфІэгъэщІэгъэн хъури, «Тхылъымрэ сатумрэ» журналым стеухуауэ очеркыщхуэ кьытеХуат. Абы щыхьэкІэ «Пропагандист книги» союзэпсо бгъэхэІури кьызатауэ щытащ. Ар ноби сригушхуэу зызохъэ.

А зэманым си гъэщІэгъажэм къахэкІащ щІэныгъэлІхэр, кьулыкъущІэхэр. Абыхэм сащыкуэзэкІэ, ягу кьагъэкІыж тхылъым зэрыдезгъэхьэхар икІи фІыщІэ кьысхуащІ. Абы и лъэныкъуэкІэ егъэджакІуэм куэд дыдэ ельытащ.

- Мы гъэр Литературэм и илъэсу ягъэуващ. Абы фІы гуэр кьынэкІуэну пІэрэ?

- Ар и тегъэщІапІэу Іуэхушхуэ куэд кьыпхуэІэтыныщ. Псом япэрауэ, литературэр щызыгъэІэжжыр бзэрращи, абы хуэфэщэн гулъытэ хуэщІын хуейщ. Дэнэ деж кьыщыщІэдзапхъэр жьыпІэмэ, еджапІэхэм анэдэлъхубзэм хухах сыхьэт бжыгъэм хагъэхъуэжьын хуейщ. Сабий садми школхэми махуэ кьэс анэдэлъбзэмкІэ зы сыхьэт яІэн хуейщ. Ар тхъэмахуэм сыхьэтих мэхъу. Ар дэнэ кьызідципхьир, жаГенущ. Ухуейм, кьэпхуэгъуэтынущ. Зэхьэзэхуэхэр, зэІущІэхэр бзэм теухуауэ егъэкІуэкІыпхъэщ. Мис ар щІэдзапІэ хуэхъумэ, Литературэм и илъэсыр кьыдэхъуІауэ жьыпІэ хуэнущ.

Гъэ блэкІар Щэнхабзэм и илъэсу щытащ. Мыхьэнэщхуэ зиІэ зы Іуэхугъуэ гулъытэ хуащІакъым абы щыгъуэм. Телевиденэмрэ радиомрэ я хорыр кьызэрагъэпэщыжакъым. Абы лъэпкъым дежкІэ мыхьэнэщхуэ иІэщ. Ди театрым хамэ къэрал тхакІуэхэм я пьесэхэм къыщынэмыщІауэ, дыдейхэм я Іэдакъэщ Іэкіэхэри яГэувын хуейщ. Зи щэнхабзэр, зи бзэр, зи литературэр кьызымыдзэ лъэпкъыр жьыжьэ нэсыныкъым. Абыхэм заужьын папщІэ сытым дежи телэжьэн хуейщ.

- «Леонардо и сабиигъуэр» фІэщыгъэр иІэу иужьрейуэ тхылъ гъэщІэгъэун къыдэбгъэкІащ. Сыт абы пльабжьэ хуэхъуар?

- Леонардо да Винчи и щІэныгъэ зэхэзымыхауэ щІэныгъэ гуэр зиІэу зы щІыху дунейм тету кьыщІэкІынкъым. Ар сурэтыщІ инт, щІэныгъэ куэдым хэлъхьэныгъэшхэр зыуэзыщІа щІыхут. Леонардо и гъащІэми и лэжьыгъэхэми куэд тетхьыхьащ, иджыри тотхьых, дяпэкІи нэхъыбжьым и гугъу ящІынущ. Сэ гъэщІэгъэун дыдэ кьысщыхъуар абы и анэр адыгэу кьиІэзыщІэкІаращ. США-м щыщ щІэныгъэлІ, тхакІуэ Кертис Билл Пеппер илъэс 15-кІэ зэлэжьа романышхуэм Леонардо и гъащІэм и щэнхабзэкІэ щытотпсэлъыхьых. А романыр си ныбжьэгъуэхэм Америкэм я кьыскухарри, Леонардо и сабиигъуэм, и анэм теуХуа пычыгъуэхэр урысыбзэкІи адыгэбзэкІи зрезгъэдзэкІащ. Согугъэ ди щІэблэм кьаэхэкІыну мы Іуэхур зыфІэгъэщІэгъэныр, адэкІи, псалъэм папщІэ, адыгэжэмрэ Италиемрэ зэрызэпыщІауэ щытахэм теухуа хьыбархэр, тхыгъэхэр кьахутэну.

Иджыри тхылъ гуэрхэр кьыдзэгъэкІыну иужь ситщ. Кьуажэхьу, жыІэгъуэу мини 2-м нэс зэхуэсхьэсауэ, тхылъ щыхэхуэу дунейм кьытезгъэхьэнущ. КьыщынэмыщІауэ, сэ нэхъ кьыззэхьулІауэ кьэслъытэ усэхэр, уэрэдхэр, кьуажэхьэхэр, псынщІэрыпсалъэхэр ити «Тхыгъэ кьыхэхаэр» зыфІэщІа тхылъ кьыдзэгъэкІыну си мурадщ.

- Леонид, гъэгуанэ купщІафІэ кьэпкІуащ, абы урипльэжмэ, сыт хуэдэ гупсысэкІэ укъыддэгуэшэнт?

- УпщІэ гугъущ. КьурІэным итщ лъэпкъэр псори зэмыщхьу кьэзгъэщІащ, дэтхэнэми бзэ зырызи естащ жеІэри. Ун бзэр пщІэжь, ар пхъумэу дунейм утетын хуейщ. Ди лъэпкъ щэнхабзэр нэгъуэщІым ипэкІэ тхуигъэкІуэтэнукъым. Зэманыр гугъу хуащ жыдоІэри, ар щхьэусыгъуэ дощІ. Сытым щыгъуэ ят тыншу щыщытар? Лъэхъэнэ зэхьэлъэхэм кьыкІуэцІрыкІащ ди лъэпкъым и бзэр, и щэнхабзэр иІыгъыку. «УкъыщыхэкІар пщІэжьыркъым» псалъэхэм икъуэкІ уагъэпуд. Абы кьыхэкІыу щІалэгъуалэм щІэныгъэ, гъэсэныгъэ тэмэм ябгъэдэттлъхьэныр абы зыбжанэлэрыгъ хъунукъым. ДызэрыщІыгъэ, сыт хуэдэ Іуэхуми дехъуІэнэщ.

- Уплсэу! Узэрыншэу, гъыдэж уиІэну уи мурадхэр кьохъуІэну ди гуапэщ.

Епсэльар

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэзщ.

Усыгъэхэр

Мыщэмрэ мащэмрэ

- Мыщэр
Мащэм
Ищэта?
- Ищэтащ,
- Мыщэр
Мащэм
Къипщыжа?
- Къипщыжащ.
- Иджы Мыщэр
Нэхъ Іущ хъуа?
- Нэхъ Іущ хъуащ.
- Иджы Мыщэр
Нэхъ сакъ хъуа?
- Нэхъ сакъ хъущ.
Иджы Мыщэм
КъыпекІухь,
Мыщэм мащэм
КъыпекІухь.

Цыжьбанэ

Ей, Цыжьбанэ,
Банэ,
Ей, Цыжьмастэ
Мастэ,
Мастэ къомым
Сыт епщІэнур,
Сыт а къомыр
Зэрыпщынур?
Хъуну щытым,
КхъыІэ,
Мастэ тІэкІу
Къыззэщэ,
Мастэ къэскІэ
Апэсищ уэстынщ.
ПщІэнэшэуи
Зы джанэфІ
Пхуэздынщ.

КІэпхъымрэ пхъымрэ

- КІэпхъыр
Ди пхъым
Къеуэса?
- Къеуэсащ.
- КІэпхъым
Ди пхъыр
КьитІыжа?
- КьитІыжащ.
- Пхъыхэр
Матэм
Из къищІа?
- Из къищІащ,
- Матэр и гъуэм
Ихьыжа?
- Ихьыжащ.
- Пхъыкіэ
Шырхэм
ЗатІыжа?
- ЗатІыжащ.

Жьынду макъ

Жэщ кІыфІыр
ФыцІабзэщ,
УдэІуами,
Сабырыбзэщ.
Ауэ дэнэ
КъыздикІар,
Жьынду макъыр
КъыздикІар?
Сыту пІэрэ
Ар къыщІэджэр,
Хэту пІэрэ
Зэджэр?
ДеупщІамэ,
КъыджиІэнт,
Ар зыхуейр
Къэтщ Іэнт.
Ауэ, уэли, зэкІэ,
Жьынду бзэ
Сэ сымыщІэ,
Ауэ зыщІэ
ПщІэмэ,
КхъыІэ,
Схущ Іэупщ Іэ.

Динэ ида джанэр

Динэ ида
Данэ джанэр
Гуащэ цІыкІум
Хуэкіыхь хъущ,
Мис итІанэ
Динэ ида
Джанэ кІыхьым,
Динэ бостей
ФІищыжащ.

Бажэм жиІэр

Фымышынэ,
Фымышынэ,
Дзыгъуэ шырхэр
Фымышынэ,
Анэм, адэм
Фемыдаіуэ,
Сэ си псалъэм
Фыкъедаіуэ,
Жэщи махуи
Фыщыджэгу,
Мэз дахащэм
Фыщыджэгу.

Хэт сэ
Дзыгъуэ сшхауэ
Фэ къывжезыІар,
«Бажэм сишхащ!» - жиІэу
Хэт фи гъуэмбым
Нэкіуэжар?

Дадэ и нэгъуджэр

Дадэ и нэгъуджэм
Сытри къелъагъур,
Махуэрытхым
Емыплъыххэу
«ТІу» кьэсхьами
Къелъагъуфыр.
«Уи нэм
Тетхащ», - жи,
Ауэ гъуджэм
Сэ сипльати -
Зыри тету
Сымыльагъу.
Ей, зо,
Дадэ и нэгъуджэр
Микроскопу пІэрэ,
Хьэмэрэ сыту пІэрэ?

Гуащэхэр нэщхъейщ

Щхьэ нэщхъей,
Щхьэ нэщхъей,
Хьэфэ мыщэр
Щхьэ нэщхъей,
Кьупщхьэ гуащэр
Щхьэ нэщхъей?
Нобэ КІуцэ
Школым макІуэ,
ХъуакІэщи
ЕджакІуэ,
Абы щхьэкІэ
Нэщхъей хъущ,
Гуащэ цІыкІухэр
Нэщхъей хъущ.
«Иджы дауэ
Дыхъужьну,
Иджы хэт
Дигъэджэгуну?» -
ЖаІэхэу зэхэсщ,
Нэщхъейкэу
Зэхэсщ.

«Нау!» жызыІэр

«Нау, нау!» - жери
Джэду гуэрым,
Классым щІэсхэр
Мэдыхьэшхьр.
ЕгъэджакІуэр
Лъыхъуэ щхьэкІэ -
«Нау» жызыІэр
Имыгъуэт,
Сыт имыщІэм
Имыгъуэт.
Ауэ пщІэрэ,
«Нау» жызыІэр
Си гуфІакІэм,
Мисыр дэсщ.
И кІэм сеІэм,
ЖеІэр «Нау»,
СыкъемыІэм,
Мэбэну.

Уэлбанэ

Щыбляр
Уафэм
Кьыщоджэгур,
Уэшхьр
ЩІыпІъэм
Тоджэгухьыр.
Жьышхуэм
Егъэсысыр,
Сэ щхьэгъубжэм
Сыбгъэдэсу
Зыгуэр
Согупсысыр.
Абгъуэм ису
Бэу шыр цІыкІухэу
Мылъэтэфхэр
Дауэ хъуну пІэрэ,
Мы уэлбанэ иным
Кьелыфыну пІэрэ?

ПсыІэрышэ

ПсыІэрышэ
Нобэ
Ди хадэм
Къашащ,
Бабыщ шырхэр
Іейуэ ягъ
ГуфІэжащ.
Бабыщ шырхэр
Псори иджы
Псым ежащ,
Сэри зызгъэпскІынут,
Ауэ сфІэемыкІущ,
ПсыІэрышэ щІыкІур
Сэ тІэкІукІэ
Схуэщ Іыкі ущ.

Къуршыбгъэ

Уэй, Къуршыбгъэ,
Къуршыбгъэ,
Уэй, Къуршыбгъэу
Гъащ Іэ кІыхь,
Уэгум иту
Махуэр зыхь,
Зи нэр жану
ЗыгъэпІъыхь.
Ей, Къуршыбгъэ,
Къуршыбгъэ,
Иджы, хъуну
Щытым,
Къуршым
Зэ къехьж.
Илъэс щищым
Къэплъэгъуахэр
Кьызжеіэжи
Сыгъэтхых.

Шыпсэ

- Мэзым щакІуэ
Зэ сыкІауэ
Мыщэжь гуэрым
Сыхуэзащ.
- Сліожь-нтІэ,
Ухуэзамэ?
- Зэ къедаІуэ, Іэу,
Сыхуэзати,
Сыгузавэу,
«Дауэ ущыт?» - жысІати,
«ЛъакъуэкІэ», - жиІащ.
Уи фІэщ хъуркъэ?
- Мэхъур, мэхъур,
Сыт щІэмыхъур?
Мыщэм, дауи,
Лъакъуэ щІэтщ,
Ауэ уэ уи шыпсэм,
Уэли, лъакъуэ
Лъэпкъ щІэмыт.



Щакіуэ

Щакіуэ, щакіуэ,
Щакіуэрей,
Щакіуэ, щакіуэ
Мэз кІуэрей.
Уи фочыжьыр
Умыгъауэ,
ХьэкІэжьхъуэкІэм
Уахэмыуэ.
Уи фочыжьыр
Бгъэуэн хуейм э,
Уафэм дэгъэуей.
Уи фоч макъыр
Зэхахамэ,
ХьэкІэжьхъуэкІэр
ЩІэпхъуэжьнщ.
Я шыр цІыкІуэхэри
Я гъусэу, псори
ЩтапІэ ихьэжьнщ,
Уэри гуэныхьыншэу
Унэм уеІуэжьнщ.



Еджэрей

Еджэн и къуэ
Еджэрей
ЗэрыцІыкІурэ
Еджэрейщ.
Тхылъ зэрджэни
И куэдрейщ.
Школым кІуами -
Ар тхылъ йоджэ,
КъэкІуэжами -
Ар тхылъ йоджэ,
Псым щысхэми -
Тхылъым йоджэ,
Шыдым тесми -
Тхылъым йоджэ,
Куэд еджахэм
Я зэпеуэм
ЯгъэкІуати -
ЯтекІуащ,
Саугъэт ахъшэу
КъратамкІи,
ПсомкІи
Тхылъи къищэхуащ.

Мэдэ и дэр

ІэштІым хуэдиз
Хъуууэ
Сэ зы дэшхуэ
Къэзгъэуэтащ,
Ауэ ар сымышхыу
Ди хадэм
Хэссащ.
ГъэщІэгъуэнкъэ, -
Ар къэкІащ,
Дэшхуэ куэди
Кьыпыкіащ.
Иджы Дадэ
Си дэ жьыгыр
ФІы дыдэу ельагъур,
«Мэдэ и дэр», - жери
Хэт дыдей
КъэкІуами -
Ар ирегъэлъагъу.

● Хэку зауэшхуэр еух

Махуэр махуэм кIэлъокIуэ

1945 гъэ

ГЪАТХЭПЭМ И 18-м

3-нэ Белорус фронтым и командующэ маршал Василевский А. М. Главкомандующэ Нэхъыщхьэм зыхуигъэзащ фронтым и дзэхэр Кенигсберг щебгъэрыкIуэхIэ Балтий тенджызь флотымрэ авиацэм и маршал Голованов А. Е. и 18-нэ хьэуа армэмрэ щIэгъэкъуэн кьиущIыну елъэIуу. Польшэм и дзэхэм я 1-нэ армэм Кольберг (Колобжег) щыIэ нэмыцI-фашистыдзэр зэтрикъутащ, кьалэри хуит кьиущIыжащ.

1-нэ Украин фронтым (маршал Конев И. С.) и дзэхэм кьаухъуреихьащ икIи зэтракъутащ Оппельнэ (Ополе) куейм щыIэ нэмыцI-фашистыдзэр.

ГЪАТХЭПЭМ И 19-м

Дзэ Плъыжьым и 40-нэ, 53-нэ армэхэмрэ Румыниемрэ 1-нэ, 4-нэ армэхэмрэ я зауэлIхэм Венгриемрэ щежэх Грон псым и деж зауэ гуащIэ щрагъэкIуэкIащ, текIуэныгъэ кьыщахьащ. Эволен кьалэри хуит кьащIыжащ.

Дзэ Плъыжьым и 6-нэ гвардием и танк армэмрэ Болгариемрэ и 1-нэ армэмрэ я зауэлIхэм хуэзэфIэкIащ Гитлер и СС танк армэр Секешфехервар деж кьущаухъуреихьын икIи щIэзэтракъутэн. Абыхэм щIэгъэкъуэныфI яхуэхъуащ 17-нэ уэгум кьышызыльэтьхьэ хьэуа армэр.

ГЪАТХЭПЭМ И 20-м

Генерал-лейтенант Сверчевский К. К. зи пашэ Польшэдзэм и 2-нэ армэр 1-нэ Украин фронтым (маршал Конев И. С.) кьыгукьащ. А махуэ дыдэм абы и зауэлIхэр бийм щебгъэрыкIуащ Штерлен-Неисе зэпыльпыльэхэм я деж.

ЗауэлI мини 150-рэ зыхэт 4-нэ нэмыцI армэр Пиллау деж советыдзэхэм кьущыпэщIамыгъэувэу, Гитлер и ставкэм и унафэкIэ, ирагъэкIуэтыжащ, а дзэр нэгъуэщI Iэхуэхэм хуахъумэн мурадкIэ.

Бэрахъэхьэ Дунай флотилием и дзэхэр Несмей и гъунэгъуу Дунай и деж бийм щебгъэрыкIуащ, хэщIыныгъэшхуи щагъэтащ.

ГЪАТХЭПЭМ И 21-м

1-нэ Украин фронтым (маршал Конев И. С.) и дзэхэр километр 50-кIэ ипэкIэ кIуэтащ икIи Чехословакиемрэ Германиемрэ щыIэпльпльым и деж къэрал гъунапкъэр щыIэпратхъащ.

ГЪАТХЭПЭМ И 22-м

1-нэ Болгар армэмрэ 3-нэ Югославие армэмрэ я дзэхэм Дравэ псым и деж бийм удыныщхьэ щрадзащ. Абыхэм гитлерыдзэхэр псым зэпрахужащ, хэщIныгъэшхуи иратащ. А текIуэныгъэм папщIэ 3-нэ Украин фронтым и командующэ маршал Толбухин Ф. И. а зауэлIхэм фIыщIэ яхуищIащ.

ГЪАТХЭПЭМ И 23-м

3-нэ украин фронтым и дзэхэм Секешфехервар кьалэр кьащтэри, бийр Баконь бгым щхьэпрахуащ, Веспрее кьалэми екIуэлIащ.

Америкэ-инджвылэ дзэхэм Рур и деж биймебгъэрыкIуэн щыщIадзащ.

Зыгъэхьэзырар **УЭРЫШ Нурхьэлийщ.**

Фэеплъым и гъуэгуанэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Урысейм и ФНПР-м и тхьэмадэ Шмаков Михаил гуапэу кьыззэрырагъэблэгъам папщIэ кьыззэхуэсахэм фIыщIэ яхуищIащ. Кьыхигъэщащ гуапагъэрэ псэ къабзэкIэ гъэнщIа цIыхухэмкIэ ди къэралыр зэрыкъулейр. ТекIуэныгъэ Иным и махуэшхуэм уи гур зэIуахуэ зыхуэгъэхьэзырын зэрыхуейр.

- ТекIуэныгъэм, ар кьэзыхьахэм шэч кьытрахьэу цIыху щхьэхуэхэр кьэунэхуащ. ИлэжьпlэкIэ текIуар Совет Союзыщ, а ТекIуэныгъэм гъащIэ мелуан 27-рэ щIэзыта ди цIыхухэрщ икIи а ТекIуэныгъэр зэи зыми еттынкъым. Яхуэздэнукъым зыми ди фэеплъыр ягъэпуду, нобэ зызыгъэбыдэну хэт фашизмым и щхьэр кьимыIэтыжьын, ар кьэдмыгъэхъун папщIэ тхузэфIэкI псори длэжьын хуейщ,- жиIащ Шмаковым.

ЦIыху мелуан 21-рэ кьэзэщIэзыбыдэ профессиональнэ зэгучъэныгъэ 39-м я унафэщI Шмаков Михаил кьызэхуэсахэм ягу кьигъэкIыжащ ФНПР-м и кьалэн нэхъыщхьэхэр. «Профсоюз щхьэхуитхэм я федерацэм и унэтIныгъэ, мурад и гъуэгуанэ советым и унафэщI Лу Азэмэтрэ.

Абдуллаевым жиIащ ди республикэм ветеранхэм гулъытэ хэха зэрыхуащIыр, яхуэзфIэкI псомкIи зэрызыщIагъакъуэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхьэр Налшык кьызэрыкIуам папщIэ ФНПР-м и унафэщI Шмаков Михаил фIыщIэ хуищIащ. Кьалэдзэсхэм я цIэкIэ Абдуллаевым ФНПР-м и унафэщIым и кьуэдзэ Макаров Евгений «Налшык - дзэ щIыхьым и кьалэщ» грамотэм и копиер иратащ.

Автопробегым и Iэтащхьэ, ФНПР-м и унафэщIым и кьуэдзэ Макаров Евгений кьызэхуэсахэм гулъыригъэпэу яIущIащ. фIэхъус псалъэхэмкIэ зыхуаГъэзащ Заэум, лэжьыгъэм, зэрыкъат кIуэцIыдзэмрэ хабзэхъумэ Iэнатlэкъэм я ветеранхэм я Налшык кьалэ советым и унафэщI Абдуллаев Мустэфарэ КъБР-м и Профсоюзэм я федерацэм и щIалэгъуалэ зыкъыгъэзащ. Заэум, лэжьыгъэм, зэрыкъат кIуэцIыдзэмрэ хабзэхъумэ Iэнатlэкъэм я ветеранхэм я Налшык кьалэ советым и унафэщI Абдуллаев Мустэфарэ КъБР-м и Профсоюзэм я федерацэм и щIалэгъуалэ Лу Азэмэтрэ.

Абдуллаевым ди республикэм ветеранхэм гулъытэ хэха зэрыхуащIыр, яхуэзфIэкI псомкIи зэрызыщIагъакъуэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхьэр Налшык кьызэрыкIуам папщIэ ФНПР-м и унафэщI Шмаков Михаил фIыщIэ хуищIащ. Кьалэдзэсхэм я цIэкIэ Абдуллаевым ФНПР-м и унафэщIым и кьуэдзэ Макаров Евгений кьызэхуэсахэм гулъыригъэпэу яIущIащ, фIэхъус псалъэхэмкIэ зыхуаГъэзащ Заэум, лэжьыгъэм, зэрыкъат кIуэцIыдзэмрэ хабзэхъумэ Iэнатlэкъэм я ветеранхэм я Налшык кьалэ советым и унафэщI Абдуллаев Мустэфарэ КъБР-м и Профсоюзэм я федерацэм и щIалэгъуалэ Iэмал имыIэу ядэлэжьэн зэрыхуейр. «Урысейм и КьалэлIыхъужьхэу 9-м щыщу 2-р - Севастополрэ Керчрэ - Кьрымым хеубыдэ. Дэ гъэщIэгъуэн тщIыхьащ а кьалэхэм школаклуэхэми студентхэми Космодемьянская Зое, Матросов Александр, нэгъэущIхэм я лыгъэхэм теухуауэ зыри зэрамыщIэр... Илъэс 25-м кьрибубудэу цIыхухэм Iэщlагъэхуащ ТекIуэныгъэ Иным и фэеплъыр. Пэжщ, нэгъэущI кьалэхэми я щIалэгъуалэхэм яхэтщ хьыбарегъащIэ Iэнатlэм кIэлъыплъ. интернетым дихьэх, ауэ я къэралым и тхыдэм теухуауэ зыри зымыщIэ куэд. Аращи, автопробегым и мурадхэм ящыщ зыщ дызэрыгушхуэ лIыхъужьныгъэм и фэеплъым и мызакъуэу, зауэм кIуа я адэхэм я пIэкIэ завод станокэм щыпэрыува сабийхэм зэрахьа лэжьыгъэ-лIыхъужьныгъэри зэфIэгъэувэжыныр», - жиIащ Макаровым.

Иужьк1э пэкIум кьрихьэлIаХэм «ЩIыхьым и мафIэ мыужьых» феплъым удэ гъэгъахэр тралъхьащ.

Автопробегым хэтахэр, журналистхэм я упщIэхэм жэуап иратри, я гъэзугъаэм теувэжащ. Абыхэм иджыри кьапэщылъщ километр мин бжыгъэхэр, зэIущIэхэр, гукъэкIыжхэр. Шмаковым зэрыжиIамкIэ, абыхэм автопробегыр щиухыну Магадан кьалэм мэлыжьыхьым и 7-м нэсыну я мурадщ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Сабийхэм папщIэ

Къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ министру КъБР-м щыIэ полицэм и генерал-лейтенант Васильев Сергей Республикэ сабий сымаджэщым и онкологие къудамэм щыIащ.

ВЕДОМСТВЭМ и унафэщIхэм я цIэкIэ министрым къудамэм и Iэтащхьэ Къумыкъу Жаннэ иритащ иджырей инфузор гъэувыпIэу 5.

Iуэхущlапlэм и унафэщIым зэрыжиIамкIэ, апхуэдэ Iэмэпсымэ республикэм и сымаджэщым ящыщу зыми иэхъым. Инфузор гъэувыпIэр - капельницэр сабийм и лъагагъым елъытауэ пхутоуэху, къэбгъэсэбэпыну тынщ.

КьыхуащIа гупльэтэм папщIэ Къумыкъу Жаннэ министертэвэм и лэжьакIуэхэм фIыщIэ яхуищIащ. Васильев Сергей дохутырхэм яжриIащ я ведомствэм и унафэщIхэр щытыкIэ гугъуэм кьихуэта сабийхэм яхуэзфIэкIымкIэ зыщIагъэкъуэну сыт щыгъуэм зэрыхьэзырыр.

IэщIагъэм хуэIэижьхэр

Гъатхэпэм и 16-р Урысей МВД-м Экономикэ шынагъэуэнщагъэм ебэныныкIэ и Iэнатlэр кьыщыхэзрагъэпэща махуэщ. Къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ министру КъБР-м щыIэ полицэм и генерал-лейтенант Васильев Сергей абы и лэжьакIуэхэм ехъуэхъуащ.

«КЪЭРАЛ кIуэцI Iуэхуэхмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и унафэщIхэм, коллегием, сэ езым къызбгъдэкIыу Iэнатlэм и лэжьакIуэхэм, ветеранхэм Экономикэ щIэпхъаджагъэм пэщIэтыныныкIэ кьулыкъым и мазхэщхэуэмкIэ сыныбохъуэхъу!

Фэ сыт щыгъуи ди къэралым и экономикэ зыужьыныгъэм зэран хуэхъу уголовнэ-щIэпхъаджащIэ гупхэм фапэщIэтщ, а илъэсхэм къэралымрэ абы щыпсэухэмрэ хабзэм ипкъ иткIэ я сэбэп зыхэлъхэр фхъумащ, законностымрэ пэжыгъэмрэ фрителъхьащ.

Гурэ псэкIэ фи кьулыкъым фызэрыхуэпэжыр, фи Iэщlагъэм фызэрыхуэIэижьыр адэкIи фи кьалэн лэжьыгъэм сэбэп кьыщыфхурехъу.

Узыншагъэ быдэ, зэIуэпэщыгъэ, Хэкум кулыкъу хуэщIэным ехьэлIа фи гурыIэ, мурад дахэхэр гъащIэм кьыщыфхуэпищэмэ си гуапэщ! Фэри фи Iыхьлыхэми мамырыгъэ, гуапагъэ фиIэну сынывохъуэхъу!».

● Аруан щIыналъэ

ЛIыхъужьыгъэм и дерсхэр

Аруан районым и курыт еджапIэхэм щокIуэкI «ЛIыхъужьыгъэм и тхьэмахуэ» дерсхэр.

КЪЫДЭКIЫУЭТЕЙ щIэблэм псэкупсэ гъэсэныгъэ тэмэм яхэлъхьэным теухуа мы Iуэхугъуэр, хабзэ зэрыхьэуам тету, илъэс кьэс кьызэрагъэпэщ хабзэхъумэ IэнатIэхэм. Зи гугъу тщIы дерсхэм япкъ иткIэ, хабзэхъумэ органхэм я лэжьыгъэм, зи кьалэн зыгъэзащIэу хэкIуэдахэм я лЫхъужьыгъэ гъэуэуанэм ныбжьыщIэхэр хагъэрэуэзэ.

«ЛIыхъужьыгъэм и тхьэмахуэхэр» апхуэдэу щекIуэкIащ Старэ Шэрэдж, Кьэхъун, Псынабэ жылагъэхэм. Мы кьуажэхэм дэтщ зи кьалэн зыгъэзащIэу зэхIуэдахэм я щIыхь пхъэбгъуэр.

Iуэхум хэтыну кьрагъэблагъащ хэкIуэдахэм я адэ-анэхэр.

Псэкупсэ гъэсэныгъэм теухуауэ зэIуэпльэгъэ кьыщыпсэльащ ОВД-мрэ ВВ-мрэ я ветеранхэм я щIыналъэ Советым и лЫкIуэхэр, зи ныбжь иримыкъуахэм хабзэр кьызэпамыудыныгъэ абыхэм я хуитыныгъэр хъумэныныкIэ щIыналъэ администрацэм щылажьэ комиссэм хэтхэр, хабзэхъумэ IэнатIэхэм я ветеранхэр. Абыхэм удз гъэгъахэр тралъхьащ хэкIуэдахэм я фэеплъэм. Апхуэдэу а махуэм класс нэхъыжьхэм щеджэхэм яIущIащ икIи псалъэмакъ щхьэпэхэр драгъэкIуэкIащ Аруан, Лэскэн районОВД-хэм я лэжьакIуэхэм.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Къэралым къылъысыр ети, тыншу жей

КъБР-м и прокуроры и къуэдзэ Махуэ А. Л. Iэ тридзащ 1961 гъэм къалъхуа Караев А. Б. зэрагъэкъуанщэм теухуа тхылъым. Абы щыгъэбелджылащ УФ-м и УК-м и 199-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм кьыщыгъэлъэгъуа щIэпхъаджагъэр (налог зэримытым папщIэ) илэжьауэ.

УГОПОВНЭ Iуэхум кьыхощхьэхуI мардэ зиIэ жэуаплIныгъэ зыхь «Имидж» Iуэхущlапlэм и унафэщI Караев А. Б. 2011 - 2013 гъэхэм налог декларацIэхэр имытыххэуэ е, итми, абыхэм пщIы иритхэурэ, псори зэхэту сом мелуани 2,8-м нэблагъэ зэриГъэпщкIуар.

Зэрагъэкъуанщэ тхылъыр Прохладнэ район судым хуагъэхьащ унафэ трищIыхьын папщIэ.

Къэдгъэлъэгъуэ щIэпхъаджагъэм папщIэ Караев А. Б. илъэси 2-кIэ игъэтIысыкIэ хъунущ, унафэщIу щытыну иIэ хуитныгъэм илъэси 3-м нэскIэ пагъэхIыу.

Прохладнэ кьалэм и прокурорым пщэрылъ щащIащ къэралым игъуэта хэщIныгъэр Iэрыгъэхьэжьын папщIэ зыхуеину псори илэжьыну.

Ущхьэдэх хъунукъым

Бахъсэн районым и прокуратурэм КъБР-м Узынщагъэр хъумэныныкIэ и министерствэм и гъусэу кьипщытащ цIыхухэр мыхьэнэшхуэ дыдэ зиIэ хущхъуэхэмкIэ кьызэгъэпэщыныкIэ хабзэхэр гъэзэщIа зэрыхъур.

АБы СЭТЕЙ кьиущIащ «Псэуныгъэм егъэщIылIа икIи мыхьэнэ ин дыдэ зиIэ хущхъуэхэм я уасэхэм щIагъэхэм зыщхьэдэх мыхъуну пщалъэхэр гъэувыным и Iуэхукlэ» КъБР-м Тарифхэмкlэ и кьэрал комитетым 2010 гъэм мазаем и 25-м кьыдигъэкIа унафэ №67-м ебакъуэу, Исльэмей кьуажэм и аптекэм хущхъуэхэр мардэм щыубзыхуам нэхърэ нэхъ льапIэу зэрыщащар.

Iуэхур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмкlэ, тарифхэмкlэ, псэупIэ кIэлъыплъныныгъэмкlэ и кьэрал комитетым хуагъэхьащ хэплъэн папщIэ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Iуэхущlапlэ.

● Тхэквондо

Медаль 17 зыIэрагъэхьэ

«Налшык» спорт комплексым щекIуэкIащ тхэквондомкIэ (ВТФ) Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым пашэныгъэр къыщыхьынымкIэ 2001 - 2003 гъэхэм къалъхуа ныбжьыщIэхэм (хъыджэбзхэмрэ щIалэхэмрэ) я зэхьэзэхуэ. Абы хэтащ спортсмени 180-м нэблагъэ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ ди тхэквондистхэм зэфIэкI хъарзынэ къыщагъэлъэгъуащ. Абыхэм дыщэ медалу 7, жэзу апхуэдиз, дыжьыну 3, псори зэхэту медаль 17 кьахьащ.

Я хьэлъагъ ельытауэ зэхьэзэхуэм бжьыпэ щаубыдащ Ахъмэт Жантемыр, Бозиев Муслим, Воробьевэ Марие, Джэрыджэ Асльэнбэч, Кондрашов Вадим, Поляковэ Анастасие, Ездэч Ринат сымэ. ЕтIуанэ увыпIэр ялъысащ Джэрыджэ Мурат, Дубровэ Еленэ, Тухватулинэ Бэллэ сымэ. Болий Анзор, Гервик Кристинэ, Кузнецов Иван, Сардинов Хъызыр, Унэжокъуэ Абдеджабар, Шэбихъан Исльам, Шыбзыхъуэ Тимур сымэ щIэнэ хъуащ.

Спортсмен ныбжьыщIэхэр я гъэсэнщ тренерхэу Ахъмэт Амир, Ким Виктор, Балэ Асльэнбий, Мэкъуауэ Анзор, Гъут Рустам сымэ.

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм, КъБР-м Тхэквондомкlэ и федерацэм и президент Щокъарэ Азрэталий зэрыжиIамкIэ, зэхьэзэхуэм кьрикIуахэмкIэ КИФЩI-м и командэ кьыхэхар яубзыхуащ. Спортсменхэм кьаполлъэ мэлыжьыхьым и 26 - накъыгъэм и 1-хэм Волгоград щекIуэкIыну Урысейм пашэныгъэр къыщыхьынымкIэ зэпеуэр.

УАРДЭ Жантинэ.

Зэныбжьэгъугъэ зэIущIэ адэкIэ щыIэжынукъым

● Футбол

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм дызыхуэкIуэ тхьэмахуэм щIедзэж. Абы и пэ кьихуэу «Спартак-Налшыкым» иужьрей зэныбжьэгъугъэ зэIущIэр Кисловодск (Нартсанэ) щригъэкIуэкIащ.

ГЪАТХЭПЭМ и 15-м ди щIалэхэр ядэджэгуащ зы гупым кьадыхэт Грознэ и «Тэрч-2»-м. ЗэпэщIэтныныгъэ гуащIэ щыIауэ пхужьIэнукъым, бжьгъэшхуэкIэ, 3:0-у, «Спартак-Налшыкыр» зэрытекIуар кьэпльэтэмэ.

Джэгум и епщIыкIущанэ дакъикъэм Кьуэн Заурбэч налшыкдэсхэр япэ иригъэщащ. Абы иужькIэ ди щIалэхэр кьыщыхэжаныкIар зэIущIэм и етIуанэ Iыхьэращ. 71-нэ, 76-нэ дакъикъэхэм Огурцовымрэ Гугуевымрэ (пенальтикIэ) бжьыгъэ 3:0-м нагъэсри, апхуэдэу яухащ. Налшыкдэсхэм яхэту «Тэрч-2»-м дэджэгуащ Хъаниийр, Кузнецовыр (КIыщыр, 68), Васильевыр (Апаевыр, 77), Дашаевыр (Абазэр, 85), Каркаевыр, Кьуэн З. (Пелюкаевыр, 83), Крыжевскихр (Гузь, 47), Дыщэкlыр (Семеновыр, 77), Ахриевыр (Огурцовыр, 62), Бажэр (Гугуевыр, 46), Гэущокъуэр (Кьуэн А., 65).

Абдежьм «Спартак-Налшыкым» и зэныбжьэгъугъэ зэIущIэхэр кьыуащ. Адэкlэ кьыпэщылъхэр, дауи, нэхъ мыхьэнэ зиIэхэращ. Иджыпсту зыхэт гупым зэIущIиращ щригъэкIуэкIыжынуращ, кIэух турнир таблицэм еханэ увыпIэм нэхъ кьыщемыхьмэ, «Спартак-Налшыкыр» зэхьэзэхуэм и етIуанэ Iыхьэм япэ дивизионым щIэбэныну хъыхьэнущ. Гъатхэпэм и 22-м ар Новочеркасск кьалэм щыдджэгунущ зэпеуэм бжьыпэр щызыIыгъ МИТОС командэм.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

«Спартак-Налшыкым» и зи чэзу топыр «Тэрч-2»-м и гъуэм дегъэкI.

Япэ Iыхьэм и кIэух джэгугъуэхэр

Урысей Федерацэм и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гуп

ЕтIощIанэ джэгугъуэ

Гъатхэпэм и 22
(*тхьэмахуэ*)

МИТОС (Новочеркасск) - «Спартак-Налшык» (Налшык)
«Таганрог» (Таганрог) - «Анжи-2» (Мэхъачкъалэ)
«Астрахань» (Астрахань) - «Алания» (Владикавказ)
«Мэшыкъуэ-КМВ» (Псыхуабэ) - «Тэрч-2» (Грознэ)
«Динамо ГТС» (Ставрополь) - «Ротор» (Волгоград)

Гъатхэпэм и 25
(*бэрэжьей*)

«Ангушт» (Нэзрэн) - «Таганрог» (епщыкIубгъуанэ джэгугъуэм щыщщ)

ТIощIрэ езанэ джэгугъуэ

Гъатхэпэм и 28
(*щэбэт*)

«Спартак-Налшык» - «Астрахань»
«Анжи-2» - «Ангушт»
«Алания» - «Таганрог»
«Тэрч-2» - МИТОС
«Ротор» - «Мэшыкъуэ-КМВ»

ТIощIрэ етIуанэ джэгугъуэ

Мэлыжьыхьым и 3
(*мэрем*)

«Таганрог» - «Спартак-Налшык»
«Ангушт» - «Алания»
«Астрахань» - «Тэрч-2»
МИТОС - «Ротор»
«Мэшыкъуэ-КМВ» - «Динамо ГТС»

«Бахрам» шхапIэм ирагъэблагъэ

● Псапэ

Налшык кьалэ ЛэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр Iэнатlэкlэ кьызэгъэпэщныныр социальнэ дэIепыкъуныгъэмкlэ и центрым даун узыфэр зыпкъырыт цIыкIухэм папщIэ махуэшхуэ концерт кьызэригъэпэщащ. Апхуэдэ сабийуэ 27-рэ центрым и нэIэ щIэтщ. А махуэм абыхэм кьахуеблагъэнчуд кьалэм и спортсменхэр, хьэрычэтыщIэхэр. Зэхьэзэхуэ гъатхэпэм и 19-м сыхьэт 14-м «Бахрам» рестораным щекIуэкIыныщ.

Фигу кьэдгъэкIыжьынщи, гъатхэпэм и 21-р Даун узыфэр зыпкъырыт цIыхухэм я дунейпсо махуэу 2006 гъэм яГъэувауэ щытащ. Ар кьыхьалъащ а узыфэм теухуауэ зэIыпльэн ящIэм зэгъэхьэуным, сымаджэхэм я гъащIэр нэхъ тынш яущыщIыным папщIэ.

ТОКЪМАКЪ Мадинэ,
КъБР-м Лэжьыгъэмкlэ, цIыхухэр Iэнатlэхэмкlэ кьызэгъэпэщныныр социальнэ дэIепыкъуныгъэмкlэ и министерствэм и пресс-Iуэхущlапlэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖылаСэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Нэщlэныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Изэ.**



Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъудамэгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхуэхмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхущlапlэхэм ядэлэжьныныкIэ - 42-60-53; хьэбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущlапlэм - 42-26-41; суретехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхутыныгъэм я пэжагъныкIэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпыту щытыкъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныныгъэр хъумэныныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущlапlэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къэдгъэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкI Соня, редактору Къумахуэ Асльэн, корректорхэу Афэ Тамарэ (2, 3-нэ), ПхытIыкI Азэмэт (1, 4-нэ). Корректорхэм я дэIепыкъуэгъу Мырзэкъан ФатIимэ. КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ Дол Маринэ, Ныр Сандэ, Щомахуэ Маринанэ, Мэлбахьуэ Анжелэ, сурэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.248 ● Заказ №444